WOLOF

# AFRIG SITUWAYEEN

## AFRIQUE CITOYENNE

Nettalib nataal, ñeel ndawi Afrig yi - Desàmbar 2006 ISSN 0851 - 7371


## TUKKIM LÀQU

# JÉNGU JU DEE XAJ




Ci ndimbalul : Fondasiyon Konrad Adenauer ( FKA ) ak ASECOD, di mbootaay gu yëngatoom jëm ci lëngoob dimbalante.
Bépp sotti, ñeel kù mu mën di doon, laaj na mu am ci ndigal lu jóge ci Fondasiyon Konrad Adenauer ak ASECOD.
Tekki mi ak pul maa ngi ame ci koppar yu Ambasadu Belsig ak kurél gu tudd Koperasiyon Teknig Bels ( CTB ) ci Ndakaaru jagleel mikro-porose yi.

N°13




## AFRIG SITUWAYEEN


**NETTALIB NATAAL, ÑEEL NDAWI AFRIG Y**

KI JIITE WASAARE MI
DIRECTEUR DE PUBLICATION
**El Hadj Sidy DIENG**

CI XALAATU
CONCEPTION
**ASECOD/FKA**

TËRALIN MI
SCÉNARIO
**F. K. A.**
**ASECOD**
**INEADE**

NATAAL YI
DESSINS
**Malang SENE dit Kabs**

ENFOGARAAFI
INFOGRAPHIE
**Alwaly GUEYE**

CI XEREÑUG
RÉALISATION
**SIE**


## Fondasiyoŋ Konrad Adenauer mu ngi teew Senegaal

Konrad -Adenauer- Stiftung

Fondasiyoæ Konrad Adenauer mu ngi teew Senegaal ca atum 1976.
Senegaal gi mu nekk may na ko mu mën a sukkandiku ci benn ci rééw yi demokaraasi, maanaam sàmm àqi askan wi, fekk mbaax te am kuréli jiite yu sax.
Fondasiyoæ la buy dimbali Senegaal ci pexeem sédd kàttanu dogal diiwaani réew mi ak ci dooleel koom-koomu ñiy yëngu ci seen pexey bopp.
Tàggat askan wi ci xam àqi réewam mooy ñetteeli taxawaay bi FKA am, mu ëmb nag fànn yu bari, deme ni polotig, wutum jàmm, amlante diggante diine yi ak diggante aada yi, fey jàmmarloo yi.
Suqali jottalim xibaar ak kurél yi ñuy tàggate jottalikati xibaar yi,
Yokk xereñu jigéen ñi ci kuréli dogal yi, bokk nañu ci yi FKA gën a ittewoo ci Senegaal.


**Fondasiyoæ Konrad Adenauer, Istel Mermoos**
**N° 32 Yoonu Piroteknik, BP 5740 Faan Dakaar – Senegaal**
**Tel :(221) 869 77 78 - Fax :(221) 860 24 30**
**Email : buero@kas-dakar.de**


## ASECOD

**MBOOTAAY GU YËNGATOOM JËM CI LËNGOOB DIMBALANTE**

***Nisaram:***

- Yombalal askan wi joteem cig paj, cim njàng ak liggéey ak àttewu ci yoon
- Xeex bépp jéggi dayo ci wone sab gis-gis ci mépp mbir
- Xeex bépp pexeem fënëxal koom-koom ak jëf yu deme ni dorog, di xeeti sineebar, àddu kalpe ...
- Xeex ndóol ak xiif, sukkandiku ci jàppale waa kow geek waa taax yi ci cërale gi ñu leen jagleel léegi ciy sañ-sañ
- Feddali tàggantu mi ci xam sa àqi réew
- Jàppale ak yombalal way-xoslu yi seeni pexe
- Àddu ci ëppëlante bi am ci diggante askan wi
- Indig ndibal ngir taxawal ay pexe yu wóor yuy wàññi ndóol gi
- Dajale ay tegtal ci àqi Doom Aadama fépp fuy jafe-jafe am ci diggante askan wi

Bokk na ci bànqaasi ASECOD yi, kurél gu tudd Obserwatuwaar Konrad Adenauer, taxawaayam di xool ni ñuy sàmmoonteek àqi nit ci koom-koom ak ciy aadaam ( OKADES )


***ASECOD, Resepise N° 2664 / MINT / DAGAT ci 30/06/1970***
***Dalbi : N° 347 Waagu Ñaay II Tel/Fax : (221) 864 75 42***
***BP 540 Dakar RP - Email: asecodsenegal@yahoo.fr***


BTC
CTB

## KOPERASIYOŊ BELS CIG SUQALI AK KOPERASIYOŊ TEKNIK BELS

La coopération belge au développement .be

**CTB** ( Koperasiyoæ Teknik Bels ) di loxob Koperasiyoæ Bels cig suqali, mooy jëflante ciy ndimbal ak réew yi néew doole ci seenug xeex ndóol .
CTB a ngi taxaw ca weeru awril 1999; boobaak léegi saytu na 230 porogaraam yu tas ci 25 réew ci diiwaani Afrig, Asi ak Amerig latin.
Alal ji muy jëflantee, ñu di ko xayma ci 180 milyoæ ciy ëro ci atum 2006 ; ñi muy liggéeyloo ngi tollu ci 350 nit : 140 ci ñoom nekk ca dal ba ca Biriksel, 210 tas ci réew yi muy jëflanteel.


**CTB am nab dal ci 23 réew.**


**Koperasiyoæ Teknik Bels ci Senegaal, 121, Yoonu Wakaam Sotrak-Mermoos, Ndakaaru/Senegaal. Tel. +221 860 01 27**




**Njiit li fi ko toogal di Gi kastado; kiy doxal liggéey bi di Matild Seen.**


Lu ëpp weer a ngii ba daara yi ubbeek léegi...Waxtu wàcc jot na . Ndongo yaa ngi jublu ca buntu liise bi ngir ñibbi seen kër.




Waaw, Paap, man xaw naa jaaxle ci mbiri Usu de...
Yaakaar nga ne ñibbisi na bi wakaas yi jeexeek léegi ?




Ca ngoon sa, ba 4 waxtu jotee, xarit yi dugg ab kaar ràppid Jëm Yaraax, dëkkub mol, féete ca peggu Péeyu Senegaal...
Gaañi, ñëwleen ! Fii lanuy wàcc.
YANA
TRANSPORT en COMMUN
...Nees tuuti, ñu yegg kër Usu...fekk mu ne selaw.
Fii la
Mu ngi mel ni kenn nekku fi...
Aa , Xool-leen kee ! Pàppay Usu la.
...Nuruwul ku bég de...


Gannaaw ba ñu jàmmantee ba noppi, pàppay Usu nettali Paap ak i xaritam jéngub doom ji...
Espaañ ?
Dégg ngéen bu baax, samay doom.
Waaw, lu mu fa wutiwoon?
Xanaa...wuti ndund gu gën a neex ni ñépp. Bi ñu ko woññee ba tey nag génnatul néegam.
Nees tuuti, ci biir néegu Usu...
Gaañi, ngéen ba-al ma de, ci li ma leen waxul dara. Damaa xéy rekk jéngu, ne dem rekk ! Jël gaalu looco gi ma njëkk a jot, bàbbeeku ; ak wóoradi gi ci nekk, rawati na féey sax mokkaluma ko !
Yow, Usu, di ndongo lu ràññeeku ci njàng ; ngay jaay sa bakkan te àdduna yépp nekk ci sa kanam ?
Ci sama kanam ! Lu nekk ci sama kanam ? Bés bu nekk maa ngi dend ak ñu fees dell ak i lijaasa tey taxawaalu ndax ñàkk liggéey. Fii, benn yaakaar feeñu fi. Maa fiy doom ju góor ci sunu waakër, te samay way-jur màggat, amuñu dara...


Looloo tax, xam naa, nga foog ne li koy faj a nga Ërob !
Waawaaw ! Lu tee?Xoolal ni sunu gox bi soppeekoo léegi ; gis nga taaxu kow mu gudd mee, benn xal bu dem Ërob ci at yu néew moo ko moom ; te kooku, fii la dëkkoon ak i way-juram ci benn baraag... Waxuma la woto bu rafet bi muy dawal. Tey, lépp la am !
Waaw, loolu dëgg la ; waaye ndax jéem ngaa xam naka la xale boobu, ci diir bu gàtte noonu, dajalee alal joojépp? Ndax xam nga ne ci biir xale yooyuy tukki, bu amee ñu jub ñoo xam ne lu ñu am lew na leen, am na ñeneen ñoo xam ne pexe yu jubadi te ànd ak ngaañ lañuy ame alal ?
WUWUWUWUWUW

Dëgg la. Te sax, buleen gis rekk ni ñuy mel ak li ñuy wone bu ñu fi ñëwee ab diir ; ñu bari ci ñoom, na ñu nekke Ërob, rawatina seen dëkkuwaay ya , dafay teey xel.




Am na ci ñoom ñu dem ba wéet, amatuñu dara, xamatuñu fu ñu jëm, ba mujj torox tocc ! Ërob ba woon, du bu tey jii ; la taxaan nit ñiy janeer, di daw wuti fa, nekkatufa. Ku wéddi xool ñi ñu fa tudde Es Dee Ëf (SDF) nga xam ne dañoo ndóol ba amuñu fu ñu dëkk, ba saa yu sedd bi agsee rey ci ñoom lu bari, at mu jot.




Wax nga dëgg de ! Dëgg la, tey ñu baree ngi daw di wuti ay Ëro ; waaye ndax foog nañu ne ñoo ko gën a bëgg waa Ërob ci seen bopp ? Te itam, yàgg googu ñenn di fa yàgg di wut alal tax na ñu bari ci ñoom mujj fàtte seen cosaan ak seeni aada !







Am na ñu ñu tudde « pasëër » -maanaam jàllalekat- , ci seeni pexe lanuy deme...Nit ñu yeewu te bëgg xaalis lañu. Juróom fukki nit ñu bégg a génn lanuwoon ; ku nekk joxe 400 000F- di juróom-ñett fukki junni - ci sunu xaalis ; mu ëmb tukki meek lekk gi...





Buleen ma fàttali loolu ; sama xol day jeex ...Nun ñiy bëgg a dem ñépp a bokk pexe : tayle sunu kayiti këru way-jur... Ñemeetuma leen a xool sax ndax sànk naa seen alal jépp !
Aa...doy na waar de ; waaye bàyyil jooy yi ndax duñ ko fa
Nes tuuti...
Xoolal ma lii rekk ?!... Xaalis bu tollu nii xale yii mënoon nañu cee taxawal génn kurélu liggéey walla ñu fey ci fu ñu jànge mécce.
TELECENTRE
U
75F
TELECENTRE
- Téléphone
- Fax
- Traitement de texte
- Photocopie
Man dey, lenn rekk a giifal sama xol ci mbir mii ngay nettali : moo di sa bakkan rëcc na ; ndax dégg naa ñu bari, ci tukkim làqu mi, mujj nañu lab ci géej gi.
Lu ñu la ci wax rekk am na. Man mii, mënuma laa wax ñaata néew yuy tëmb laa gis ci géej gi. Bu ma koy janeer sax di lox. Wutum Ëro mii li mu def ciy yàqu-yàqu amul ab lim ; xale yu bari Barsa lañu jëmoon waaye ñu nga teere Barsàq.




Xarit, bu ngeen yeboo seen xel dal ; wuute naak ñooña. Ràññee naa ne bëtt kaaraange gi ñu teg ci yoon wi léegi kenn mënatu ko : poliis, sàndarmëri, marin nasiyonaal, ñoom ñépp a ngi ci foronceer bi, ak ay jumtukaay yu leen Espaañ ak Iñoo Ëropeyen dimbalee ngir kar nit ñi. Jéem leen a buruxlu walla wiiri ngir teggi leen, réer ba sànku ci géej xaj na ci ; ak mujje nag fi neew yooyu doon tëmb mujje ndax yóbbal bu jeex.




Ndax xam ngeen, gaa ñi, ne jamano yii sunu koom-koomu réew dafa nekk ciy jafe-jafe yu tar. Tey, boo duggee cib isinu jën, dangay fekk jigéen ña fa daan liggéey toog suba ba ngoon du ñu gis jën walla luy jóge ci géej. Marse yi sax doo fa gis jën.
SEN
Li ko waral mooy, xaley mol ya daan nappi ñoom ñépp tukki nañu ak seeni gaal jëm Espaañ.
HUILE
Man daal damaa bokk xalaat ak yaay yooyu dëkk Caaroy te taxawal genn mbootaay guy xeex ngir seeni doom bañ a bokk ci tukkim làqu mi. Ni ñoom, damaa gëm ne toog ci sam réew terewul a am loo suturloo. Dégg naa sax ne nguur gi ubbi na ci mbey meek njaay meek yeneen yëngu yi ay bunt yu mën a dimbali xale yi ba ñu toog.
Man dey yow laa àndal !
COOPERATIVE
DES JEUNES DE THIAROYE
NEGOCE
FRUITS ET LEGUMES
CJT



Man sax , xam naa ay xale yu xereñ te am njàmbaar, yu taxawal dara ci seeni pexey bopp ba génn ci, seeni afeer di dox bu baax ; xoolal Maxu, ak mbiru informatig bi muy doxal !
Ngane ma lan ? loolu dëgg la ?
Waay, yow dangay nelaw ; Mitiyel Eparñ Keredi bi ci goxam moo ko lebal xaalis.
Sééététét ! Man fu sama bopp bi nekkoon ? Fu ma nekkoon ba gisuma pexe ak buntu tekki yu bari yi ma wër fii ? Mane, bés niki tey, waxatuma dara ci tukkim làqu !
Ooh.... ! am naa mbégte ci sa wax jooju, sama xarit !
Xamoon naa ne góor gu dëgër nga, te di nga not jafe-jafe yi nga jànkonteel. Foog naa it ne altine rekk nga awaat yoonu liise.
Matul a wax ! Te am na lu ngeen xamul...Damafay taxawal sax ab komite buy xeex tukkim làqu mi !
HA!HA!HA!HA!